Date : November 8, 2016
Nimewo Pwogram Nan : 1038
Tit Pwogram Nan : 1 Pyè 4:1- 4

M ap swete w byenvini nan etid la pou jounen an pasaj nou se 1 Pyè 4 :1-4.

Annou kòmanse ak lapriyè.

Mèsi Senyè pou privilèj etid jodia, mèsi pou prezans Ou pami nou. Mèsi paske w ap pale ak nou e louvri zòrèy nou pou koute sa w gen pou di e prepare nou pou aplike sa nou tande yo nan lavi nou pa pouvwa Lespri Sen an. Se nan non Bondye pitit, Sovè e Senyè nou Jezikri nou priye W, amèn.

Ou nan etid biblik Atravè Labib, n'ap konsidere jodia 1 Pyè 4 :1-4.

1 PYE CHAPIT 4

TEM : Soufrans pwodwi obeyisans a volonte Bondye

SOUFRANS PWODWI OBEYISANS A VOLONTE BONDYE

Nan pasaj sa a, Pyè demontre aklè yon lavi twò fasil mennen nan risk yon eta despri kote w ka panse benediksyon Bondye yo revyen w de dwa. Ou ka rive nan pwen kote w pa apresye lavi ou

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

benediksyon Bondye yo kòm sa dwa. Kòm kretyen, ki valè nou bay lavi yon moun ? Bondye penmèt pitit Li yo soufri pou evite yo tonbe nan peche e ba yo yon pi bon apresiyasyon pou lavi. M tèlman tande jenn moun nan tan nou yo k ap di m fè sesi ou sela dekwa pou m ka twouve yon nouvèl direksyon nan lavi. Eske m ka di w soufrans va bay lavi w yon lòt direksyon. David te dekouvri sa li menm e deklare nan Sòm 66 :10 : « *Bondye, ou te fè nou pase anba tray pou ou te wè kote nou ye. Wi, menm jan yo pase lò nan difè pou wè si li bon, se konsa ou te fè nou pase anba tray.* » Bondye pase nou anba eprèv pou L ka rapwoche nou de Li e bannou yon lòt direksyon ak motivasyon nan lavi. Sa se wòl soufrans nan lavi nou.

1 Pyè 4 :1 *Se poutèt sa, menm jan Kris la te soufri nan kò li, nou menm tou se pou nou pare pou n' soufri menm jan an tou. Paske, lè yon moun soufri nan kò li, li pa gen anyen pou l' wè ak peche ankò.*

M dwe konfese ke m apèn gen kèk nouvo lide, kèk nouvèl entèpretasyon sou vèsè sa a. Pandan tan pase yo vèsè sa a te deranje m anpil, e m pa t janm konn twò rete sou li nan prezantasyon m yo. E sa te trè etone m wè se pa sèl mwen, pifò lòt kòmantatè biblik yo sanble te fè menmjan an tou pou sèlman pase à vol d'oiseau sou li e pa vrèman antre ladann an detay. M espere kounyea, nan moman sa, Lespri Sen an va ede nou konprann vèsè sa a yon fason pou l ka itil nou.

M kwè eskpresyon « se poutèt sa » a ap referans sou sa nou te wè anvan sa nan 1 Pyè 3 :18 ki di : « *Paske, Kris la menm mouri yon sèl fwa pou peche nou yo, li p'ap janm mouri ankò. Li menm ki t'ap mache dwat devan Bondye, li mouri pou moun ki pa t'ap mache dwat yo, pou l' te ka mennen nou bay Bondye. Li te mouri nan kò l', men ak pouvwa Lespri Bondye a, li leve vivan ankò.* » De vèsè sa yo mache ansanm, e la ankò sa se yon rapèl ke non

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

sèlman Senyè Jezi te soufri nan kò L kòm lòm men L te menm rive mouri nan lachè tou.

Nan peryòd nou t ap prepare etid sa yo te gen yon liv trè popilè yo te pibliye ki te rele « When God Died, Lè Bondye te Mouri » e te gen tou yon teoloji ki t ap vale teren, yon teoloji ki di : « Bondye Mouri. » Enben tande, Bondye pa janm mouri, Li pa mouri jodia, petèt m ta dwe presize menm malad Li pa janm malad. Kris la te mouri nan kò imen Li te genyen an, kò Li te apwopriye nan etab Bètleyèm nan. Tankou otè lèt Ebre a di l la « Li te tante nan tout aspè tankou nou. » Li te konnen sa yo rele soufrans. Li te konnen sa yo rele vèse san. Li te konnen sa yo rele dlo nan je. Li te konnen sa sa vle di lè yon moun gen kè kase. Li te pafètman imen e L te mouri fizikman.

Senyè Jezi mete yon bout nan kontak Li te genyen ak peche lòm lè L te mouri sou kwa a paske L te peye pou peche limanite nan kò L. Pyè te di nou anvan sa nan 1 Pyè 2 :24 : «*Kris la te pote peche nou yo nan kò li sou bwa a, pou nou te kapab mouri annegad peche, pou nou te ka viv dwat devan Bondye. Li te kite yo maltrete l' pou l' te ka geri nou.*» An twa fwa nan 1 Pyè 2 :24, 3 :18, 4 :1 Pyè di se nan kò fizik Li, nan nati imèn Li Jezi te peye pri peche lòm. Sa mennen m a konklizyon ke Jezi pa t mouri *nan* peche ni *anba* peche men L te mouri *pou* peche. Li te pran plas mwen, Li te pran plas ou, e L te peye pri peche nou. Dapre lojik sa nou ka di Kris pap tounen mouri peche ankò. Li pap janm gen kontak ak peche ankò paske Li leve soti vivan nan lanmò. Lè l te resisite a Li te leve ak yon kò glorifye. 1 Pyè 3 :18 di Li te leve ak pouvwa Lespri Bondye. Li te leve ak yon nouvo lavi, yon nouvo kò. Li chita kounyea anwo nan syèl la ak yon kò konplètman dedye a sèvis Bondye, paske Li se Bondye e L ap rejwi de yon aksè total a Bondye e a kreasyon Li a.

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

Erezman Senyè Jezi dispoze pataje benefis sa yo ak nou. Pyè di nou menm tou se pou nou gen menm panse ak Senyè a. Se menm sa apot Pòl te anseye tou nan Filipyen 2 :5 : « *Se pou nou yonn gen pou lòt menm santiman ki te nan Jezi, Kris la.* » Pyè di tou : « … *Nou menm tou se pou nou pare pou n' soufri menm jan an tou. Paske, lè yon moun soufri nan kò li, li pa gen anyen pou l' wè ak peche ankò.* » Dr. McGee di tradiksyon « pa gen anyen pou l' wè » a pa satisfezan ditou e sa deranje l konsènan vèsè sa. Mo Grèk nou jwenn isit la ke yo tradwi pa « pa gen ayen pou l' wè a » se pauo. Nan fòm aktif li, vèb pauo a vle di « sispans, pa gen anyen pou wè, kanpe, stop. » Se nan sans sa apot Pòl itilize l nan 1 Korent 13 :8 : « *Pouvwa pou pale langaj gen pou fini yon lè* » Sa vle di rive yon lè pouvwa pou moun pale an lang va fini, e sa se yon bagay ke m ensiste sou li nan ansèman mwen yo. Dr. McGee di lè m te Atèn, nan peyi Lagrès, m te mache soti nan otèl Hilton desann rive sou Plas Konsititisyon an. Nan kafou yo m te wè yon panno sikilasyon tankou panno siy « stop » nou yo ki make « pauo. » Donk lè yo sèvi l nan fòm aktif li pauo vle di « stop. » Yon vèb nan fòm aktif an Grèk endike sijè a ap poze yon aksyon; men yon vèb nan fòm pasif (ke yo rele tou fòm mitan an an Grèk) endike ke sijè a sèlman ap sibi aksyon an e ke l pa pèsonèlman fè anyen. Nan vèsè ke n'ap etidye la, 1 Pyè 4 :1, se nan fòm pasif ou fòm mitan vèb pauo a ye. Pakonsekan, Dr. Joseph Thayer, nan leksik Nouvo Testman li te ekri a, tradwi l literelman kòm « jwenn liberasyon. » Ki vle di si w ap soufri nan kò w, ou jwenn liberasyon anba peche. Sa Pyè vle di ak deklasyon sa? Toudabò m ap di ke Bondye va sèvi ak soufrans pou evite w tonbe nan peche. M kwè gen anpil nan nou ki fè eksperyans sa pèsonèlman. Soufrans va evite nou tonbe nan peche, men sa Pyè ap di la ale ankò pi lwen. Pyè di nou jwenn liberasyon anba peche. Sa vle di Bondye deja fè kont pwovizyon mete la pou lavi kretyèn nan pou ou menm avè m. Dr. Griffith Thomas di ak sèl 1 Pyè 4 :1 la apot Pyè rezime tou sa Pòl te di nan Women chapit 6. Women chapit 6 se kote apot Pòl pale sou

© Trans World Radio

pwovizyon Bondye fè pou mwen menm avè w pou penmèt nou viv lavi kretyèn nan.

Pyè esplike byen klè ke nou te fèt yon dezyèm fwa pa mwayen Pawòl Bondye a. Lè Lespri Bondye a sèvi ak Pawòl Bondye a Li pwodwi yon pitit Bondye. E pitit Bondye sa a kounyea gen yon nouvo nati, yon nouvo nati ki pa pran plezi viv nan peche.

Gran ilistrasyon Bib la bannou sou ansèyman sa a se istwa Anfan Pwodig la ke nou jwenn nan Lik 15 :11-32, e m sèvi egzanp sa anpil. Anfan Pwodig la t'al chwe nan pak kochon yo, men malgre sa li pa t tounen yon kochon pou otan. Li toujou pitit, yon pitit dezobeyisan men kanmenm pitit, papa l ki t ap viv nan bèl kay familyal la. Paske jenn gason an te toujou gen nati papa l, li pa t pran plezi nan manje kochon yo ou nan eta lamantab kote l te desann lan. Li ta pito chita bò yon tab byen ranje ap mache ak yon fouchèt e yon kouto tab nan men l'. Li ta pito yon bon bòl diri ak sòs pwas ak yon bon moso vyann plis desè mete sou li. Byenke ti tonton an te nan pak kochon yo, li te toujou gen nati papa l'.

Pyè di kounyea ou idantifye ak Kris. Lè w te vin asepte Senyè Jezi e te fèt yon dezyèm fwa, Lespri Sen an te batize w, ki vle di, idantifye w ak Kris. Kifè kounyea ou bezwen adòpte menm panse ak santiman Kris yo. Kris la kounyea chita anwo a sou bò dwat Bondye Papa a nan yon kò totalman dedye nan sèvis Bondye pou ou menm avè m. Alò w panse si ou se yon moun ki vrèman fèt yon dezyèm fwa, si w vreman tounen pitit Bondye ak yon nouvo nati, ou va kontinye viv nan peche ? Petèt ou deja konnen mwen se yon kalvinis, ki vle di m kwè nan teori Jean Calvin ki pale sou sekirite Sali kwayan an. Men m kwè yo tèlman twò ensiste sou pwen sa a ke n ta dwe koute agiman zanmi Amenyen yo tou. Sepousa m osi janti avèk pannkotis yo konsa ; paske y ap preche yon doktrin ki prèske pase a loubli, ki se doktrin sentete a. Yo

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

ensiste pou di yon kretyen dwe mennen yon lavi sen pou Bondye. Zanmi, ou pa ka pitit Bondye pou se nan pak kochon yo w ap viv. Si se la w pran plezi, alò se pa joure non, men sanble se menmjan w vle ye ak ti bèt bouch long yo ki nan pak la. Paske ti kochon yo se la nan pak la yo pran plezi yo, sa la yo santi yo byen, yo alèz, y ap banbile ; men yon moun nòmal, pitit mèt kay la mezanmi pa ka chwazi rete yon kote konsa.

Pyè di Bondye deja fè tout preparasyon, tout pwovizyon pou ou : ou fèt yon dezyèm fwa, Lespri Sen demere nan ou, ou batize nan Lespri Sen, ou idantifye ak Kris, kounyea ou ka viv dapre e anba pisans Lespri Sen an. Nan Women chapit 7, apot Pòl montre jan kretyen an pèdi batay lè l ap viv dapre lachè, men nan Women chapit 8 li montre jan Bondye bannou Lespri Sen dekwa pou nou ka viv dapre pisans Lespri Sen an. Alò kite m fè yon ti tounen sou mo pauo ankò. Pyè isit la itilize l nan yon mòd pasif, donk li vle di « jwenn liberasyon », sa ki diferan ak mòd aktif la kote l vle di « stop. » Nou jwenn liberasyon, se pa nou ki fè l pou tèt nou men Bondye te fè tout aranjman nesesè pou mwen menm avè w pa kontinye viv nan peche jodia. Li ta enposib pou n kontinye viv e pran plezi nan peche. Ooo wi, pitit ka fè fo pa jouk li rive nan pak kochon men m ba w garanti li pa rete la pou lontan. Gen yon jou k ap rive lè l va di tankou anfan pwodig la nan Lik 15 :18 : « M'ap leve, mwen pral tounen jwenn papa m'... »

Zanmi, si w ap viv nan peche jodia epi w ta remake sa fè w plezi, enben eskize m wi men m gen dout sou Sali ou. Petèt yon moun a mande « Eske yon kretyen ka fè sesi ou sela? » Wi, se lòm li ye, pye l ka chape li ka fè l yon jou men si w ta remake w wè l kontinye viv nan menm eta sa enben gen yon bagay ki pa nòmal. Yon vrè pitit Bondye ki gen yon nouvo nati ap toujou anvi fè Bondye plezi nan tout bagay. Se rezon sa ki fè m kwè li nesesè pou kwayan an etidye tout Bib la an antye. Zanmi kòm kretyen se pa yon vèsè ou yon liv ou bezwen menm w bezwen tout Bib la

© Trans World Radio

nèt, tout 66 liv yo. Ou pa ka mennen yon lavi kretyen baze sou doktrin ou ti prensip lòm. Gen yon lis règ sou sa w dwe fè ak sa w pa dwe fè pap ede w. Se sèlman lè panse w ak santiman w akòde ak panse ak santiman Kris, sèlman lè Lespri Bondye a ap travay nan ou pou pouse w fè Bondye plezi e rete lwen bagay repiyan Li pa vle wè ak je yo ke w ka mennen yon lavi kretyèn viktorye.

1 Pyè 4 :2 *Se pou li viv ti rès tan li gen pou l' viv sou tè a dapre egzijans volonte Bondye, pa dapre egzijans lachè.*

Apot Pòl tou pale avèk anpil severite sou pwen sa a nan Women chapit 8. Li di nan Women 8:5, 6: " *Moun k'ap viv dapre sa lèzòm jwenn nan kò yo, se yon sèl bagay ki nan tèt yo: se egzijans kò a. Men, moun k'ap viv dapre Lespri Bondye a, se yon sèl bagay ki nan tèt yo: se egzijans Lespri a. Lè ou kite egzijans kò a pran tèt ou, se mouri w'ap mouri. Men, lè ou kite egzijans Lespri a pran tèt ou, se viv w'ap viv ak kè poze.*" Ki sa Pòl vle di lè l di « *Lè ou kite egzijans kò a pran tèt ou, se mouri w'ap mouri.* » Eske sa vle di ou pèdi Sali ou ? Non se pa sa ; li vle di ke ou pèdi kominyon w ak Bondye. Jan di nan 1 Jan 1 :6 : « *Si nou di n'ap viv ansanm ak li, pou anmenmtan n'ap viv nan fènwa, n'ap bay manti ni nan sa n'ap di, ni nan sa n'ap fè.* » Zanmi, ou pa ka ap viv nan peche e konsève an menmtan relasyon w ak Bondye. Se peche ki fè moun rete lwen Pawòl Bondye a konsa nan jou nou yo. M ka di kretyen yo se yon minorite, e lè m ap etidye atravè tout Bib la konsa nan etid sa yo, se sèlman ti minorite minorite yo m panse sa enterese. Gen anpil moun k ap chache wout dekoupe pou lavi kretyèn nan, men malerezman sa pa egziste. Bondye di L a sèvi ak soufrans nan lavi w pou evite w tonbe nan peche.

« Se pou li viv ti rès tan li gen pou l' viv sou tè a dapre egzijans volonte Bondye, pa dapre egzijans lachè. » Nou pa pran lavi kòm aki ankò, paske nou pase anba soufrans e Bondye va sèvi soufrans yo pou kenbe nou lwen peche.

© Trans World Radio

Epi kounyea Pyè kònmanse gade sou tan k ap vini yo. Lavi kout :

1 Pyè 4 :3 *Paske, nan tan lontan, nou te gen kont tan nou pou n' te fè tou sa moun ki pa konnen Bondye yo ap fè. Lè sa a, nou t'ap viv nan libètinaj, nan lanvi, nan bwè tafya, nan debòch, nan banbòch, nan sèvi zidòl, bagay lalwa defann nou fè.*

Apre konvèsyon nou se ta va yon foli pou n ta retounen viv nan menm vye bagay nou te kite anvan yo. Anfèt nou pa menm ka fè sa. Paske kounyea nou makònen nan Kris ; nou ini avè L, donk nou pa ka al asosye ak monn nan pou kotinye viv nan peche. Nou bezwen viv pou Bondye. Ala yon gran verite ! Lavi kout, jou yo ap pase a gran pa, e nou bezwen reyalize ke n a gen pou prezante an jijman devan L anvan lontan.

« *Lè sa a, nou t'ap viv nan libètinaj, nan lanvi, nan bwè tafya, nan debòch, nan banbòch, nan sèvi zidòl, bagay lalwa defann nou fè.* » Simon Pyè bay yon lis peche isit la. Dr. McGee di gen yon moun ki rele Homer Rodeheaver ki te yon bon zanmi l, e se yon moun li te apresye anpil nan non Jezi. Li di kèk lanne pase pandan nou t ap dine ansanm nan yon restoran m mande l' : « Homer sa tèlman gen lontan ou te akonpanye Billy Sunday nan ministè l. Kisa w ta di sekrè reyisit li ye ? » Li reponn : « Li preche sou peche, e l toujou trè spesifik lè l ap pale sou peche. Li di bagay la jan l ye a. » Enben se sa Pyè fè isit la pou nou tou, li bay yon lis peche espesifik.

« *Viv nan libètinaj* » se peche seksyèl. « *Lanvi* » gen landan l anpil bagay, se anvi bagay lachè yo. « *Bwè tafya* » se tafyatè, moun k ap jwè jouk yo sou yo. « *Debòch, banbòch, sèvi zidòl* » se moun k ap pran plezi tèt kale yo. Pou sèvi zidòl petèt ou ka di m pa sèvi estati men sonje Bib la di renmen lajan se rasin tou sa ki mal, donk konvwatiz tou, anvye sò moun, se idolatri. Bagay sa

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

yo zanmi ap mennen w e kenbe w lwen Bondye, e m kwè sepousa Pyè ekspoze yo la kèlman pou nou.

Malerezman m gen enpresyon gen anpil predikatè sèjousi ki trè ensèten konsènan peche. Gen yon otè, m ta di yon otè woule m de bò, ki te di : « Si w gen relijyon, ou pa konn sa. Si w' konn sa, ou pa genyen l'. E si w genyen l, ou pa ka pèdi l'. Si w' pèdi l', ou pa t' genyen l'. E si w pa t janm genyen l', ou pa ka genyen l'. » Gen kèk mesaj m tande sèjousi ki osi vag ke deklarasyon sa a. Zanmi peche idantifye klèman. Li ekri byen fonse, gen gwo limyè k ap flache sou li nan Pawòl Bondye a, e m ba w garanti ou pa ka rate l'.

1 Pyè 4 :4 *Koulye a, moun sa yo twouve sa dwòl dèske nou pa fè bann ak yo ankò nan tout eksè sa yo. Se poutèt sa, y'ap pale nou mal.*

Se de ka, se swa w fè Bondye pelzi oswa w fè lòm plezi. E si w' chwazi fè lòm plezi sa vle di ou deside pa fè Bondye plezi paske w pa ka fè tou de an menm tan. Senyè Jezi di nan Jan 15 :18 : « *Si moun k'ap viv dapre prensip lemonn yo rayi nou, pa bliye yo te rayi m' anvan yo te rayi nou.* » Si lemon pa rayi w, enben gen yon bagay ki fonsyèman anòmal.

Zanmi m pa kwè ke w ka kontinye viv nan peche si w vrèman konvèti. Paske kounyea ou se yon moun nouvo, ou gen nati Kris la, ou makònen ak Kris. Li te soufri isit sou latè yon lè, Men L pa nan soufrans ankò, e L ka ede w. Li voye Lespri Sen an sou latè pou abite nan moun ki pou Li yo. Nou te batize nan kò kwayan yo, tankou Pyè te souliye sa pou nou, e kounyea, ranpli ak Lespri Sen nou ka viv pou Bondye. Nou pa ka fè sa ak pwòp kouraj nou men pa pisans pouvwa Lespri Sen an.

© Trans World Radio

E se egazkateman sa nou te renmen fè, pandan ke n ap tèmine pwogram jodia n’ap mande pou Bondye ki gen tout pouvwa a kapab beni w an abondans e pou L ka totalman ranpli w ak pouvwa Lespri Sen an !

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com